

DRAPO WOUJ: EVITE POU W PA VIKTIM ANBA MANÈV FWOD ASIRANS PWOPRIYETE

Fwod asirans pwopriyete, an patikilye manèv fwod kontraktè ak kontraktè twati, se yon pwoblèm trè kouran epi ki grav an Florid. An reyalyite, fwod sa yo se youn nan faktè ki ogmante pri asirans pwopriyete nan tout eta a. Evite pou ou pa viktim. Pwoteje tèt ou lè w familiarize w avèk siy avètisman sa yo.



Òf pou vann oswa ogmante pwoteksyon asirans ou anvan oswa pandan yon katastwòf.

Moun pa ka achte kouvèti asirans jiska 72 èdtan apre yon siveyans siklòn oswa tanpèt twopikal oubyen lè avètisman an leve.



Pwomès sèvis gratis, ak/oswa òf pou retire oswa peye dediktib asirans ou.

Youn nan manèv ki pi kouran se ofri nan yon twati "gratis". Sa a se yon siy avètisman paske pa gen okenn zafè twati gratis. Anplis de sa, li **illegal** pou yon kontraktè retire/peye dediktib asirans ou..



Presyon pou siyen yon Asiyasyon Kontra Benefis (AOB)

Yon akò AOB pèmèt mèt asirans lan transfere dwa asirans ou bay yon tyès pati, tankou yon kontraktè. Yo ka peye dirèkteman pou sèvis, andose chèk sou non ou, kominike avèk konpayi asirans, epi mennen konpayi an devan lajistis. Dènyèmman, yo te fè fwod sou **direksyon ki la pou peye akò yo**, se li ki pèmèt konpayi asirans lan peye yon kontraktè dirèkteman pou sèvis ki fin fèt. Malgre ke kalite kontra sa yo se souvan kontraktè ki itilize yo tankou bòs twati, plonbye, elatriye, ou pa ta dwe janm santi ou anba presyon pou w siyen



Presyon pou w ranpli yon reklamasyon asirans.

Si w santi yo ap ba w presyon pou w fè yon reklamasyon kont konpayi asirans ou, sa ka souvan yon siy manèv fwod.



Prezante sou pwopriyete w la san w pa mande sa epi ofri yon enspeksyon gratis ak/oswa kat kado.

Moun ki ap fè fwod ale souvan nan katye yo epi frape pòt pou yo ofri enspeksyon gratis ak kat kado pou w ka dakò pou yon enspeksyon.



Yo pa bay oswa refize bay yon kopi yon kontra oswa yon akò ki siyen.

Yon siy avètisman enpòtan se si yon moun oswa yon konpayi pa ba ou oswa refize ba ou yon kopi kontra oswa akò ki siyen. Noun ki ap fè fwod itilize souvan yon iPad pou yo ka fè egzakteman sa, kite konsomatè yo san yon minimum konesans sou sa yo siyen.



Prefere fè TOUT kominikasyon an pèsòn.

Yo pa vle gen kominikasyon ekri (sa vle di tèks oswa imel), sa se yon drapo wouj.



Kontraktè a pa bay yon estimasyon detaye sou sèvis yo.

Ou ta dwe espere resevwa yon estimasyon detaye nan men kontraktè yo sou sèvis ou mande yo.

Se pa yon lis konplè. Li enpòtan pou w konnen ke fwod asirans se yon pwoblèm grav an Florid epi nou dwe veve konpòtman ki sispèk. Toujou fè atansyon ak yon moun ki fè bèl pwomès ki sanble twò bon pou yo vre.

PWOTEJE TÈT OU:

➔ **Verifye epi tcheke referans:** Konfime ke kontraktè, ajistè, ajan asirans la, ak/oswa konpayi asirans ou vle travay avèk li a gen lisans epi li an règ avèk eta Florid. Mande kontraktè potansyèl, ajan, ak ajistè yo pou yo ba ou referans kliyan pase yo epi tcheke yo.

- Pou verifye lisans kontraktè yo epi wè/depoze plent, vizite Depatman Biznis ak Règlemantasyon Pwofesyonèl Florid nan www.myfloridalicense.com oswa rele (850) 487-1395.
- P ou verifye lisans ajan asirans, lisans ajistè yo, ak lisans konpayi asirans yo, vizite Depatman Sèvis Finansye Florid nan <https://www.myfloridacfo.com/Division/Consumers/PurchasingInsurance/> oswa rele (877) 693-5236.

➔ **Asirans ak pèmi:** Asire ke kèlkeswa kontraktè ap travay pou ou genyen swa asirans konpansasyon travayè oswa prèv yon egzansyon. Anplis de sa, asire ke kontraktè a gen pèmi apwopriye pou travay la lè w tcheke avèk biwo lokal pèmi ou an. Kontraktè a (asire) ta dwe jwenn yon sètifika asirans avèk pwopriyete kay la kòm "asirans adisyonèl".

➔ **Enspekte:** Asire ke konpayi asirans ou an enspekte domaj anvan ou siyen kèlkeswa papyè kontraktè oswa anavan ou kòmanse konstriksyon oswa travay sou pwopriyete a.

➔ **Peman:** Pwoteje tèt ou. Pa peye kach, pa peye tout kòb la anvan kontraktè ba ou sèvis. Avans peman pa ta dwe **janm** 50% oswa plis parapò a kou total sèvis yo. Anplis de sa, pa fè peman final bay kontraktè a jiskaske tout travay fini epi travay la pase enspeksyon avèk otorite pèmi yo epi ou te resevwa yon Afidavi Peman Final Kontraktè a.

➔ **Kopi:** Li avèk anpil atansyon epi mande yon kopi kontra yo siyen yo. Pa siyen yon kontra ki gen twòp espas vid kote yo ka ajoute lòt enfòmasyon san w pa konnen.

➔ **Reprezantasyon nan yon reklamasyon:** Se sèlman avoka ak ajistè piblik ki gen lisans ki ka reprezante w nan yon reklamasyon asirans. Si yon moun ki rele tèt li "konsiltan pèt", oswa nenpòt lòt tit ki pa yon avoka oswa yon ajistè piblik, vle ou siyen yon kontra konsènan yon reklamasyon, oswa si yon konsiltan pèt, yon ajistè piblik oswa nenpòt lòt moun ki pap travay pou yon kabinè avoka vle ou siyen yon kontra ak yon kabinè avoka konsènan yon reklamasyon asirans, tanpri rapòte li bay Depatman Sèvis Finansye Florid nan <https://first.fldfs.com>.

➔ **Li avèk anpil atansyon epi poze kesyon:** Li tout bagay epi poze kesyon sou kontra asirans ou. Mande ajan asirans ou oswa konpayi ou klarifikasyon sou aspè kontra a ou pa konprann. Pa konte sou yon kontraktè pou li ba ou enfòmasyon sou kontra asirans ou. Menm jan an tou, li avèk anpil atansyon epi konprann kèlkeswa kontra ou siyen ki gen rapò ak kontra asirans ou.

RESOUS ADISYONÈL:

Pou plis enfòmasyon sou asirans pou pwopriyete kay ak sijè ki gen rapò ak sa, tcheke kèk nan resous itil sa yo:

Biwo Defansè Konsomatè Asirans Florid: Jwenn yon varyete materyèl edikatif ak enfòmasyon sou dwa konsomatè ou nan lang angle, panyòl, ak kreyòl, epi kontakte biwo a dirèkteman si ou gen kesyon, enkyetid, oswa pwoblèm. Vizite: www.myfloridacfo.com/division/ica/consumeroutreach oswa kontakte biwo a nan (850) 413-5923 ak YourFLVoice@MyFloridaCFO.com.

Biwo Ofisye Finansye an Chèf Florid, Divizyon Sèvis Konsomatè: Jwenn yon varyete materyèl, edikatif verifye ajan ak konpayi yo, epi jwenn èd pou asirans. Vizite: <https://www.myfloridacfo.com/Division/consumers/> oswa kontakte liy asistans gratis la nan (877) 693-5236.

Enstiti Enfòmasyon sou Asirans: Aprann plis sou endistri a, espesifisite asirans, ak preparasyon pou katastwòf. Vizite: <https://www.iii.org/>.